

# *Poukisa Bay Tete Miyò pou Oumenm ansanm ak Tibebe w Lan*

**Bay tete se kle pou bon jan lasante pou manman ak tibebe.**

## **Poukisa Bay Tete Miyò pou Manman yo?**

- ❖ Bay tete se yon bagay espesyal ou ka fè pou tibebe w lan.
- ❖ Bay tete ede manman bati yon relasyon ki pwòch epi ki gen afeksyon.
- ❖ Òmòn ki responsab pou pwodui lèt la ede w santi w pi rilaks, afektye, epi ou santi w vle pwoteje tibebe w lan.
- ❖ Bay tete ede manman yo pèdi pwa yo te pran pandan gwosès lan.
- ❖ Bay tete se yon mezi lasante prevantif ki enpòtan pou manman. Li redui risk manman an genyen pou li fè kansè nan tete ak kansè nan ovè ak osteypowoz (zo fèb).



## **Pifò Manman yo Ka Bay Tete, ikonpri:**

Manman Adolesan yo

Manman ki gen ti tete

Manman ki te fè sezaryèn

Manman ki gen enfimite

Manman ki gen laj adilt yo

Manman ki gen gwo tete

Manman ki travay oswa ki al lekòl

Manman ki pat tete manman yo lè yo te tibebe

## **Poukisa Bay Tete Miyò pou Tibebe yo?**

- ❖ Bay tete se fason sa tibebe sipoze manje. Lèt tibebe tou prepare (lèt tibebe atifisyèl) souvan fèt avèk lèt bèf alòske lèt bèf fèt pou ti bèf! Ankenn lèt tibebe tou prepare ka fè sa lèt tete ka fè pou tibebe w lan.
- ❖ Bay tete ankouraje meyè kwasans ak devlopman sèvo nan tibebe. Tibebe ki tete manman yo souvan genyen kosyan entèlijans (IQ) ki pi wo pandan yo timoun epi lè yo vin granmoun pase tibebe ki pat tete manman yo.
- ❖ Tibebe ki tete manman yo genyen yon tyè mwens chans pou yo mouri “lanmò sibit” (an anglè yo rele sa Sudden Infant Death Syndrome oswa SIDS).
- ❖ Tibebe ki tete manman yo genyen mwens maladi epi menm si yo malad, li pa twò grav.
- ❖ Bay tete pwoteje tibebe w lan kont enfeksyon respiratwa, enfeksyon zòrèy, maladi sik nan anfans, ansanm ak kèk kalite kansè. Lèt tou prepare pou tibebe paka fè sa.
- ❖ Bay tete ede figi pitit ou an devlope kòrèkteman epi sa ka ede pitit ou an vin pi bèl. Tibebe ki tete manman yo gen mwens chans pou gen kari dantè oswa dan kwochi.
- ❖ Tibebe ki tete manman yo raman vin timoun ki twò gwo.



**Rele pèsònèl WIC ou an toutsuit si w bezwen èd nan zafè bay tete. Pèsònèl WIC lan konnen lòt manman ki bay tete ak ekspè nan zafè bay tete ki ka ede w.**

**Alòske bay tete se yon bagay ki nòmal, ou ka pa santi w alèz okòmansman. Pran pasyans pou ka aprann nouvo teknik sa a. Bay tete se yon bagay ki enpòtan pou oumenm ansanm ak tibebe w lan.**

Tout fanm ansent sipoze konnen ki kote yo gad ak VIH. Mande pou yo fè tès pou ou. Ozetazini, yo rekòmande pou fanm ki teste pozitif pou VIH pa bay tete.

## *Pedyat yo rekòmande...*

- ❖ Bay tibebe yo lèt tete sèlman pandan 6 premye mwa lavi yo.
- ❖ Ofri yo manje solid nan apeprè 6 mwa epi kontinye bay tete jiskaske tibebe a gen 1 an oswa plis.

## *Move Enfòmasyon Konsènan Bay Tete*

- ❖ **Manman ki bay tete dwe fè plis atansyon ak sa yo manje.** Manman ki bay tete ka manje nenpòt sa yo renmen nan kantite ki rezonab ikonpri fèy, pwa, lay, zonyon, bwokoli, ak pitza. Pifò tibebe pa janm gen pwoblèm ak sa manman yo manje. Pou kenbe yo ansante, manman ki bay tete dwe manje menm bon jan kalite manje yo te manje lè yo te ansent.
- ❖ **Manman m ansanm ak granmè mwen “patka” bay tete kidonk mwen paka bay tete non plis.** Eksperyans nan bay tete manman w ak granmè w te fè pa gen rapò ak abilitè w pou bay tete. Petèt yo pa t gen konesans, èd ak sipò yo te bezwen. Jodi a, nou konnen plis bagay fason zafè bay tete a travay epi gen èd ki la pou ou— senpleman mande.
- ❖ **Lè w move oswa ou fache sa gate lèt ou an.** Lèt ou an toujou bon pou tibebe w lan menm lè w move oswa ou fache.
- ❖ **Bay tete se yon bagay ki fè mal.** Bay tete pa ta dwe fè mal is ti bebe w lan “pran” tete w kòmsadwa. Mande yon edikatè nan zafè bay tete pou l montre w kouman pou kòmanse.
- ❖ **Bay tete se yon bagay ki anbarasan.** Bay tete pa oblije yon bagay ki anbarasan. Ou ka aprann kouman pou bay tete yon fason ki pou pa anbarase w. Mande yon edikatè nan zafè bay tete pou montre kouman pou fè sa.
- ❖ **I’Mwen pral oblije bwè lèt pandan m ap bay tete.** Ou pa oblije bwè lèt pou fè lèt pa w vini. Ou ka manje lòt manje pou ka gen kalsyòm kò w bezwen. Mande yon nitrisyonis pou l ka ba w kèk ide.

**Si w se yon manman ki bay tete nan pwogram WIC lan epi ou pa resevwa lèt tou prepare (lèt tibebe atifisyèl) nan men WIC, pakè manje ou resevwa nan men WIC chak mwa ka gen lòt kalite manje tankou ton, kawòt, fwomaj, ji, ak pwa sèk.**



Lalwa Federal avek “U.S. Department of Agriculture” (USDA) defann diskriminasyon nan tout pwogram akaktivite sou kelkeswa fòm lan ras, koulè, nasyonal orijin, seks, laj e andikape. Pou pote youn akizasyon pou diskriminasyon ou renkontre, ekri: USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410 oswa rele nime wotelefon sa (800) 795-3272 (vwa) oswa (202) 720-6382 (TTY). USDA se yon founisè ak anplwayè ki ofri egalite